



Èske ou konnen altènativ, ki vle di sa ou kab fe olye ou ale nan ijans ?

Anvan ou ale nan sal dijans pou yon pwo pwoblèm ki pa ijan anpil oswa ki pa ijan, gen altènativ, ki vle di gen lot bagay ou kab fè

Miss (infimye) Info-Sante ki nan nimewo 811

Le ou fe nimewo 811 nan telefon wap jwenn you miss (infimye) touswit ki kab evalye ka wou e diw kisa pou fè selon pwoblèm ke ou genyen an de sante.

San randevou nan klinik ou a

Si doktè fanmi w la pa disponib, konsilte san randevou klinik GMF ou a oswa sa ki nan klinik ou a.

Famasyen katye ou a

Li ka preskri medikaman pou pwoblèm sante ki pa twò grav, ajiste preskripsyon ou, bay vaksen, elatriye.

Randevou Sante Kebec

Si ou ta vle pran randevou gratis 7 jou sou 7 avèk pwofesyonèl lasante atitre ou a, avèk yon lòt pwofesyonèl lasante nan GMF pa ou a oswa nan yon lòt klinik : rvsq.gouv.qc.ca

Doktè fanmi ou la

Kontakte li ! Yon blòk tan ka vinn disponib nimpot kilè e ou ap ka pwofite.

Kontwa aksè premye liy (GAP)

Pa gen doktè fanmi e ou gen you pwoblèm sante san atan, ki pa ijan oswa ki pa twò ijan? Kontakte GAP nan 811 (opsyon 3) pou mande yon konsiltasyon.



GUICHET D'ACCÈS À LA PREMIÈRE LIGNE

LE bon service,
PAR bonne personne,
LA bonne personne,
AU bon moment

Kontwa aksè
premye liy

Pou moun ki pa gen doktè fanmi ki abite
sou teritwa CIUSSS nan Lès zile Montréal

Moun ki bezwen konsilte yon pwofesyonèl
pou yon pwoblèm sante san atan, yon sèl
fwa, ki pa ijan oswa ki pa twò ijan

 KI JAN FÈ

KONTAKTE NOU

Telefòn

811, opsyon 3

Men le nou louvri

Lendi rive Vandredi

8h nan matin rive 8h nan aswe

Samdi, dimanch ak jou ferye piblik yo

8h nan matin rive 4h apre midi